

BAB I

BUBUKA

1.1 Kasang Tukang Panalungtikan

Salasahiji kabeungharan basa Sunda nyaéta pakeman basa. Pakeman basa jadi salasahiji gambaran kahirupan (kabudayaan) masarakat pamakéna, dina harti sumber gelarna pakeman basa téh nyaéta pangalaman kahirupan masarakat pamakéna (Sudaryat, 2014, kc. 81). Kiwari, pakeman basa anyar anu datangna tina tata kahirupan téh geus jarang kapaluruh, balukarna loba urang Sunda nu geus teu wanoh kana kabeungharan basa katut budayana.

Baheula mah dina kahirupan sapopoé masarakat Sunda teu leupas tina pakeman basa, lantaran salasahiji sifat urang Sunda anu umum nyaéta tara wani nyarita ceplak pahang (Sudaryat, 2015, kc. 188). Contona waé nalika keur keuheul ka hiji jalma tara langsung pok “Urang keuheul ka manéh” tapi omonganana sok dibalibirkeun “Ceuk urang gé naon, matakna ulah *heuras genggerong*” atawa nalika keur mapatahan ogé sarua omonganana sok dibalibirkeun, contona “Nyai, jadi budak téh kudu tumut ka nu jadi kolot, kudu *hampang birit* ulah *beurat birit*”, tapi kiwari ungkara samodél kitu téh geus jarang dikedalkeun ku masarakat Sunda lantaran geus teu dipikawanoh téa.

Ku lantaran geus teu dipikawanoh jeung teu dipikaharti ku masarakat dina kahirupan sapopoéna hususna ku para nonoman nu mangrupa *generasi penerus* urang Sunda antukna pakeman basa téh geus kasebut ilang wibawana. Padahal dina pakeman basa ngandung ajén-inajén kahirupan saperti piwuruk, naséhat, jeung sajaba ti éta nu bisa dijadikeun padoman hirup ku masarakat hususna masarakat Sunda. Luyu jeung pamadegan Nugraha (2013, kc. 54) nilik kana lobana ajén-inajén nu nyangkaruk dina pakeman basa, ku kituna pakeman basa kudu tetep diajarkeun turun tumurun di lingkungan urang Sunda. Patali jeung éta hal, pakeman basa téh bisa diajarkeun di sakola dina pangajaran basa Sunda.

Lian ti bisa dijadikeun padoman hirup lantaran ngandung ajén-inajén kahirupan, pakeman basa ogé bisa méré mangpaat salasahijina nyaéta bisa ngaronjatkeun kamampuh siswa dina nulis anu épéktif, lantaran sakumaha anu

NENG NOVI MARDIYANTI, 2018
PAKEMAN BASA WANDA KEKECAPAN DINA NOVEL DIARAH PATI KARYA MARGASULAKSANA
PIKEUN BAHAN AJAR PAKEMAN BASA DI SMA

Universitas Pendidikan Indonesia | repository.upi.edu | perpustakaan.upi.edu

ditétélakeun ku Tahriri *et al.* (2014, kc. 53) yén “*Effective writing requires knowledge of grammar, words, collocations, idioms and expressions, etc.*” Hartina yén nulis nu épéktif téh mikabutuh pangaweruh ngeunaan tata basa, kecap-kecap, kolokasi, pakeman basa, éksprési, jeung sajabana. Jadi, bisa disebutkeun yén lamun pangaweruh ngeunaan pakeman basana loba tangtu kamampuh nulisna ogé bakal leuwih hadé.

Salasahiji anu kaasup kana pakeman basa téh nyaéta kekecapan, tapi loba nu can nyaho yén kekecapan téh kaasup kana pakeman basa, tong boroning masarakat umum, dalah mahasiswa Departemen Pendidikan Bahasa Sunda waé anu sapopoéna diajar basa, sastra, katut budaya Sunda, loba nu teu nyahoeun. Padahal luyu jeung pamadegan Sudaryat (2016, kc. 14) yén dina basa Sunda aya rupa-rupa ungkara atawa kecap anu kaasup kana pakeman basa (*idiom*), di antarana waé (1) kekecapan, (2) babasan, (3) paribasa, (4) kecap kiasan, (5) rakitan lantip, (6) cacandran, (7) uga, (8) candrasangkala, (9) caturangga, (10) caturangga ucing, (11) repok, (12) wirasat kayaning wanci karang, lemah piimaheun, jeung (13) pranata mangsa. Ku kituna, nilik kana éta hal perlu diwanohkeun ogé ngeunaan wanda pakeman basa, leuwih hususna mah ngeunaan pakeman basa wanda kekecapan nu can réa dipikawanoh téa.

Babasan jeung paribasa nurutkeun Prawirasumantri dina Romli, spk. (2011, kc. 9) méh sarua, hésé pisan dibédakeun. Pon kitu deui, ngabédakeun babasan jeung kekecapan bakal kacida héséna, lantaran kekecapan ogé méh sarua jeung babasan malah bisa disebutkeun satengah babasan (Sudaryat, 2016, kc. 15).

Ulikan ngeunaan pakeman basa téh lain perkara anyar, geus réa anu nalungtik, tapi réréana museur kana babasan jeung paribasa. Anapon panalungtikan saméméhna ngeunaan pakeman basa téh pernah ditalungtik di antarana ku Nur Aisyah Suwanda (2016) kalayan judul “Pakeman Basa dina Novel *Pangeran Kornél* Karangan R. Méméd Sastrahadiprawira pikeun Alternatif Pangajaran di SMA”, hasil panalungtikanana nyaéta medar sarta masing-masingkeun pakeman basa nu kapanggih dina novel *Pangéran Kornél* dumasar kana wandana.

Kakara dina taun 2017, pakeman basa wanda kekecapan téh ditalungtik ku Rina Yuni Astari kalayan judul “Kekecapan dina Carita Pantun *Lutung Leutik* pikeun Bahan Pangajaran Basa Sunda di SMP”, hasil panalungtikanana nyaéta medar jeung ngadéskripsikeun data kekecapan katut hartina, wangun jeung pola kekecapan, sarta bahan pangajaran kekecapan.

Sakumaha nu tadi geus dipedar, yén réréana pakeman basa nu ditalungtik téh ngeunaan babasan jeung paribasana, sedengkeun kekecapan, uga, cacandran jeung nu séjénna jarang ditalungtik. Ku kituna, pikeun ngeuyeuban kandaga kecap sarta nambahan élmu pangaweruh ngeunaan pakeman basa, panulis boga maksud pikeun nganalisis pakeman basa wanda kekecapan nu aya dina salasahiji karya sastra nyaéta novel kalayan judul panalungtikanana “Pakeman Basa Wanda Kekecapan dina Novel *Diarah Pati* Karya Margasulaksana pikeun Bahan Ajar Pakeman Basa di SMA”, nu ditalungtik di dieu lain kekecapan dina harti umum tapi kekecapan nu geus kagolong pakem lantaran geus jadi kailaharan.

Salian ti nalungtik harti idiomatisna, bakal ditalungtik ogé wangun kekecapan katut pola kekecapanana sarta larapna kana pangajaran. Anapon objék kajianana nyaéta novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana. Ieu novel dipilih sabab nurutkeun Rosidi dina Margasulaksana (2014, kc. 9) novel *Diarah Pati* dianggap punjul dina katohagaan struktur caritana, punjul dina gambaran ngeunaan watek tokoh-tokoh katut kaayaan anu dicaritakeunana, sarta sanggeus dibaca mémang kapaluruh yén *diksi* (pilihan kecapna) kawilang loba ngagunakeun pakeman basa.

1.2 Rumusan Masalah

Dumasar kana kasang tukang di luhur, dina ieu panalungtikan ditangtukeun lima rumusan masalah.

- 1) Kekecapan naon waé nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana?
- 2) Kumaha wangun kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana?

- 3) Kumaha pola kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana?
- 4) Kumaha harti idiomatis tina kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana?
- 5) Kumaha larapna kekecapan dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana pikeun bahan pangajaran basa Sunda?

1.3 Tujuan Panalungtikan

1.3.1 Tujuan Umum

Sacara umum tujuan ieu kagiatan panalungtikan nyaéta pikeun mikaweruh jeung ngadéskripsikeun kekecapan dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana.

1.3.2 Tujuan Husus

Sakumaha rumusan masalah nu aya, ieu panalungtikan miboga tujuan husus pikeun mikanyaho jeung ngadéskripsikeun lima hal, nyaéta:

- 1) kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana;
- 2) wangun kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana;
- 3) pola kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana;
- 4) harti idiomatis tina kekecapan nu kapanggih dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana; jeung
- 5) larapna kekecapan dina novel *Diarah Pati* karya Margasulaksana pikeun pangajaran basa Sunda.

1.4 Mangpaat Panalungtikan

1.4.1 Mangpaat Tioritis

Sacara tioritis mangpaat tina ieu panalungtikan nyaéta pikeun nambahan élmu pangaweruh ngeunaan idiomatik jeung semantik wanda kekecapan dina karya sastra.

1.4.2 Mangpaat Praktis

Hasil tina panalungtikan dipiharep bisa mangpaat dina sababaraha widang.

- 1) Pikeun pangajaran basa Sunda di SMA, hasil panalungtikan bisa dijadikeun salasihiji sumber bahan pangajaran kabeungharan kecap basa Sunda.
- 2) Pikeun mahasiswa, hasil panalungtikan bisa dijadikeun sumber acuan dina ngulik pakeman basa.
- 3) Pikeun panalungtik, hasil panalungtikan bisa nambahan pangaweruh luyu jeung widang paélmuana.

1.5 Raraga Tulisan

Bab I Bubuka. Dina ieu bab dipedar ngeunaan rarancang panalungtikan anu baris dilaksanakeun ku panalungtik, ngawengku kasang tukang diayakeunana panalungtikan, rumusan masalah nu rék ditalungtik, tujuan jeung mangpaat panalungtikan, sarta raraga tinulis anu patali jeung jejer panalungtikan nyaéta “Pakeman Basa Wanda Kekecapan dina Novel *Diarah Pati* Karya Margasulaksana pikeun Bahan Ajar Pakeman Basa di SMA”.

Bab II Ulikan Tiori jeung Raraga Mikir. Dina ieu bab dipedar tiori-tiori ti para ahli anu dijadikeun tatapakan sarta bisa ngarojong kana ieu panalungtikan, raraga mikir, jeung panalungtikan saméméhna.

Bab III Méhode Panalungtikan. Ieu bab ngeunaan léngkah-léngkah panalungtikan ti mimiti métode nu dipaké, desain panalungtikan, téhnik ngumpulkeun data, sumber data, nepi ka téhnik analisis data, sangkan bisa nyangking hasil nu dipimaksud luyu jeung tujuan panalungtikan.

Bab IV Hasil Panalungtikan jeung Pedaran. Dina hasil panalungtikan dipedar naon nu kapanggih sabada ngalaksanakeun panalungtikan ngeunaan pakeman basa wanda kekecapan dina salasihiji karya sastra nyaéta novel nu judulna *Diarah Pati* luyu jeung tiori-tiori anu aya, sarta pedaran hasil panalungtikanana dumasar kana tujuan panalungtikan.

Bab V Kacindekan, Implikasi, jeung Rékoméndasi. Dina ieu bab dipedar ngeunaan kacindekan anu diluyukeun jeung rumusan masalah panalungtikan, anu

satuluyna disusun implikasi jeung rékoméndasi ngeunaan kumaha lajuning laku tina ieu panalungtikan pikeun kamekaran élmu pangaweruh.